# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–06 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के बाबा गंभीरनाथ प्रेक्षागृह में **मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास अभियान** के जरिए गोरखपुर अउर बस्ती मंडल के लाभार्थियन के अपने हाथ से बिना सूद के ऋण क चेक दिहलें। एह योजना से गोरखपुर बस्ती मंडल के करीब दुइ हजार पांच सौ नौजवान लाभान्वित होइहें। **मुख्यमंत्री एक जनपद एक उत्पाद ओडीओपी** योजना में दुन्नू मंडल के दुइ हजार एक सौ प्रसिक्षण पावे वाले लोगिन के टूल किटवो दिहलें।

एह मौका पर नौजवानन के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हमेसा कहेलें कि नौजवान देस क ऊर्जा हवें। ओन्हें सही राहि देखाके उचित मौका दिहले क जरूरति बाटे। प्रधानमंत्री मोदी के एही प्रेरणा से डबल इंजन के भाजपा सरकार प्रदेस में दस लाख नया युवा उद्यमी के तइयार कइले के अभियान के अपने हाथे में लिहले हउवे। प्रदेस क नौजवान अब नोकरी दिहले के स्थिति में पहुंच चुकल हवे।

**उत्तर प्रदेश में छियानबे लाख एमएसएमई यूनिट है। और अब हमारा युवा केवल जाब लेने के लिए नहीं जाब देने का भी कार्य कर रहा है। वह अब नौकरी देने का काम कर रहा है। हर एमएसएमई यूनिट में एक से लेकर के दस लोगों को कम से कम वह कार्य दे सकता है। इतने नये रोजगार का सृजन होगा। और उत्तर प्रदेश के छियानबे लाख एमएसएमई यूनिट तीन करोड़ से अधिक युवाओं को और तीन करोड़ से अधिक लोगों को अपने प्रदेश में काम दे रहा है।**

एह से पहिले मुख्यमंत्री आयोजन स्थल पर लागल विसेस प्रदर्शनी देखलें। एमएसएमई विभाग की ओरि से एह मौका पर एगो लघु फिल्मओ देखावल गइल।

**********

कौशांबी जिला में आजु भिन्ही यूपी एसटीएफ अउर पंजाब पुलिस संयुक्त अभियान चलाके पाकिस्तान के आईएसआई से जुड़ल बब्बर खालसा इंटरनेशनल गुट कै एगो सक्रिय आतंकी लाजर मसीह के गिरफ्तार कइलस। पुलिस महानिदेशक प्रशांत कुमार बतवलें कि ई आतंकी अमृतसर क रहवइया हवे।

**इस आप्रेशन के तहत दिनांक 6/3/25 को बब्बर खालसा इटरनेंशनल एवं आईएसआई के मजबूल का सक्रिय आंतकवादी लाजर मसीह को कौशांबी से गिरफ्तार किया गया है।**

ओहीं पुलिस महानिदेशक कानून व्यवस्था अमिताभ यश बतवलें कि गिरफ्तार आतंकी पाकिस्तान के आईएसआई के गुर्गन से सोझे संबंधित हउवे। यूपी एसटीएफ आतंकी के लग्गे से विस्फोटक सामग्री अउर अवैध हथियार बरामद कइले हवे। हमरे प्रतिनिधि बतवले हवे कि पछिला सालि चउबिस सितंबर के पंजाब पुलिस के न्यायिक हिरासत से ई आतंकी फरार हो गइल रहे।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु आठ मार्च के अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस के मौका पर नई दिल्ली में एगो राष्ट्रीय सम्मेलन क उद्घाटन करिहें। महिला अउर बाल विकास मंत्रालय की ओरि से आयोजित एह सम्मेलन क विसय हउवे–**"नारी शक्ति से विकसित भारत"** । एकरे सथहीं **"शी बिल्ड्स भारत"** हैशटैग के साथे एगो सोशल मीडिया अभियानो आयोजित कइल जा रहल हउवे।

**********

जौनपुर जिला के एक्कइस ब्लाकन में सोलर लाइट्स के रखरखाव बदे एक हजार सात सौ चौतींस सूर्य सखियन क तैनाती कइल जाइ। जिला क उपायुक्त स्वत: रोजगार ओम प्रकाश यादव बतवले कि सूर्य सखियन के तैनाती क चयन प्रक्रिया ग्रामीण आजीविका मिशन की ओरि से सुरू कै दिहल हउवे। एकरे जरिए स्वयं सहायता समूह के महिला लोगिन के काम दिहले क तइयारी बाटे। गांवन मे सौर ऊर्जा खातिर सोलर प्लेटन के लगववले के सथहीं ओकरे तकनीकि कमियन के दूर कइले के जिम्मेवारी सूर्य सखियन क होई।

**********

वाराणसी जिला के शहरी क्षेत्र में इक्यासी प्राथमिक अउर उच्च प्राथमिक विद्यालयन में बिहने ह्यूमन पेपिलोमावायरस–एचपीवी वैक्सीन लगावल जाई। ई जनकारी ओइजा क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉ संदीप चौधरी दिहलें। उहां के बतउलीं कि सर्वाइकल कैंसर से बचाव वाले ई–वैक्सीन नौ से चउदह बरिस के किसोरियन के अभिभावकन से सहमति पत्र लेके लगावल जाई। एह टीका के मददि से महिला लोगिन में सर्वाइकल कैंसर के मामिला के नब्बे फीसदी ले कम कइल जा सकेला।

**********

कुशीनगर जिला के एकतीस पीएमश्री कम्पोजिट विद्यालयन में से आठ गो उच्च प्राथमिक विद्यालयन में करीब एक करोड़ एक लाख रूपिया के लागत से मल्टी स्टोरी भवन बनावल जाई। ई जनकारी जिला बेसिक शिक्षा आधिकारी डॉ. रामजियावन मौर्य दिहलें। उहां के बतवली कि एह स्कूलन में बने वाली दुइ मंजिला इमारत के अलावे अतिरिक्त क्लास रूम, हॉल अउर सीढ़ी सहित अउरियों बुनियादी सुविधा होई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग एह हप्ता मौसम सुक्खल रहले का पूर्वानुमान जतवले हवे। मौसम विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक पूर्वी उत्तर प्रदेस में अगिला चौबीस घंटा के बाद अधिकतम तापमान में तीन से पांच डिग्री सेल्सियस के क्रमिक बढ़ोत्तरी क अनेसा बाटें। पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में अगिला पांच दिन में अधिकतम तापमान में तीन से पांच डिग्री सेल्सियस क बढ़ोत्तरी होई। ओहीं न्यूनतम तापमानों में दुइ से चार डिग्री सेल्सियस क क्रमिक बढोत्तरी क आगम बाटे।

**********